

## Rambutan dan Kelengkeng

Cerpen: Tiqom Tarra



ILUSTRASI JOS

**I**STRIKU ngedumel sore ini ketika aku baru saja pulang kerja. Dia bercerita tentang tetangga kami yang menurutnya pelit minta ampun.

"Rambutan di depan rumahnya itu berbuah lebat. Harusnya sebagai tetangga, dia beri beberapa tangkai buat kita. Daun rambutannya saja sering jatuh ke halaman rumah kita, masak rambutannya tidak pernah sampai?" Istriku bicara panjang lebar tentang rambutan dan tetangga kami, sedangkan aku yang sedang kecapaian sesuai ngantor hanya bisa mengangguk tidak bersemangat.

"Jangan keras-keras bicaranya, nanti kedengaran."

"Biar saja. Biar mereka dengar." Tetangga kami adalah sepasang suami-istri dengan seorang anak sama seperti keluargaku. Kami pun menempati rumah di kompleks perumahan ini hampir bersamaan. Mereka datang hanya selang beberapa hari setelah keluargaku pindahan dan istriku merasa lebih senior daripada istri tetangga kami. Mungkin itu penyakit ibu-ibu kompleks? Awalnya, aku tidak masalah ketika istriku selalu iri jika rumah sebelah membeli sesuatu seperti AC atau kulkas baru. Namun,

masalah rambutan ini sudah berlebihan menurutku.

"Kamu ingin rambutan? Besok Mas belikan sepulang kerja." Untuk memenuhi rasa irinya saja aku bersedia membeli AC atau kulkas baru, tentu tidak jadi soal membelikannya sekarung rambutan agar istriku puas bahkan sampai kembung makan rambutan.

"Bukan itu masalahnya. Ini soal adab bertetangga, Mas." Istriku tetap tidak terima.

iMemangnya kamu pernah memberi mereka kelengkeng kalau pohon kelengkeng kita berbuah? Tidak, kan? Coba kamu duluan, pasti mereka akan membalas kebaikanmu. Itu baru namanya adab bertetangga."

"Kita lebih senior di kompleks ini, jadi harus mereka duluan yang memberi. Bukan kita." Aku angkat tangan menasihati istriku. Padahal istriku bukan wanita yang suka mencari gara-gara dengan warga lain di kompleks kami, tetapi entah mengapa masalah buah rambutan ini begitu sensitif untuknya, apalagi untuk beberapa bulan belakangan ini. Mungkin itu bawaan orok karena istriku sedang hamil mudah, anak kedua kami. Ibu hamil biasanya minta yang aneh-aneh. Masih untung dia tidak mem-

intaku makan durian seperti saat hamil anak pertama. Bisa mabuk durian aku kalau menuruti keinginannya.

\*\*\*

Sore ini tidak ada ocehan istriku tentang tetangga kami. Dia menyambutku dengan wajah semringah, kemudian membawakan tas kerjaku ke kamar. Ketika aku beranjak ke kamar mandi, kulihat sekitar rambutan di meja dapur. Itu pasti dari tetangga kami.

"Tadi si Sri ke sini bawa rambutan," ucap istriku sambil menyiapkan makan malam kami. Semangkuk rambutan yang telah terkupas juga menghiasi meja makan sebagai pencuci mulut. "Ternyata tetangga kita itu tidak pelit-pelit amat, sepertinya mereka sudah sadar siapa yang lebih senior di kompleks ini."

Aku hanya mengangguk sambil tersenyum simpul menanggapi perkataan istriku. Dia tidak tahu kalau tadi pagi, ketika dia sedang membeli bubur ayam untuk sarapan, aku bersama anak kami memetik beberapa biji tangkai kelengkeng kemudian memberikannya pada Sri, tetangga kami. Istriku tidak perlu tahu. Dia hanya perlu merasa bahwa harga dirinya sebagai senior di kompleks ini tetap terjaga.

"Besok, aku akan membawakan mereka beberapa tangkai kelengkeng sebagai balasan."

Perasaanku mulai tidak enak. "Tidak perlu," serghaku. "Kok, tidak perlu? Itu namanya pelit. Tidak boleh pelit sama tetangga, Mas."

Sepertinya masalah baru akan muncul setelah ini. Aku tersenyum kecut sambil melahap rambutan yang ternyata asam di hadapanku. □-d

\*) *Tiqom Tarra, lahir dan besar di Pekalongan. Kini tinggal di Jembrana, Bali. Cerpen-cerpennya pernah dimuat di berbagai media baik daring maupun cetak. Telah menerbitkan kumpulan cerpen 'Anak Kecil yang Memamerkan Bayinya dan Orang Dewasa yang Menyimpan Biji Mentimun di Saku Celana' (2018).*

## Oase

### Faris Al Faisal

#### BUNGAAN HUTAN

Ingku terus dan terus merambah  
Jauh dan jauh melangkah  
Menyibak rimba mencari bungaan hutan

Yang terlintas di pikiran  
Aku bermimpi tentang pohon berbunga-bunga  
Seekor lebah rebah dan terbaring di sana  
Senyum manis dari lelehan nektar

Yang memantulkan warna pada langit putih  
Aku kini melihat mekar mahkota  
Sama sekali bukan tipuan  
Hijau dan kuat tangkai-tangkainya

Yang menggenggam tangan

#### HAMPA DAN PERIH

Tak ada apa-apap lagi. Matahari bukan milikku  
Kini.  
Di lembah kegelapan. Hampa dan perih  
Terdengar merdu seperti duka.

Siapa yang masih peduli? Tetes terkecil dari tangis  
Melambungkan kesedihan.  
Apakah masih tersisa waktu yang berharga itu?  
(masa, menjadi tua)

Bertahun dan bertahan  
Dilanda angin  
Memanggil-manggil tubuh yang lusuh  
Seakan menjadi hari kebangkitan

Dari puing-puing itu, akan tumbuh harapan baru

#### KEMBANG-KEMBANG PERAK

Sedang berkembang kembang-kembang perak di sini  
Pemandangan yang menyilaukan mata dan tergelincir kakai  
Dunia gemetar di pintu kata-katamu, aku tak menyangka  
Tak ada yang tersembunyi, sama sekali tak ada  
Kecuali sepotong bulan yang berpaling ke balik bukit

Angin Asia mengantarkan migrasi burung punggung merah  
Sayap-sayap yang berkepakan di sela harum kuntum lili  
Damai dan ketenangan terekam sepanjang musim  
Geombong kelihatan setiap menghela kenangan istimewa  
Namun, kutahu kau tak pergi ke mana-mana dari sisiku

#### DERITA SENDIRI

Meski telah dibawa pergi ke taman laut  
Gema-gema derita sendiri terus bermain dengan maut  
Mendekap gulungan kecil ombak  
Yang berlarut abadi

Pasir dan kilaunya terbaring kering seperti tubuh ini  
Begitu terasa menyediakan diuapkan matahari marun sore  
Hanya pulau sehitam batu yang tampak di pelupuk  
Tak bermakna dan sia-sia

Setelah hilang bayang-bayang dan duka  
Malam terguncang-guncang di punggung kuda  
Berkelebat menembus tirai kabut  
Menyambut pagi

\*) Faris Al Faisal, penyair. Ketua Komite Sastra Dewan Kesenian Indramayu dan Ketua Lembaga Basa lan Sastra Dermayu.

# MEKAR SARI

**A**TINE Tanti orajenjem bareng Ratri nyebut Karanggadhung iku cetha dhaerahe Kartono. Bener lan orane mengko bisa dipestekake yen wis tekan. Nanging arah dalam kang terus dikandhakake dening googlemap iki tansaya ngener desame Kartono. Tanti isih apal senajan amung kaping pindho olehe mara ing omahe. Dudu merga lantiping pikir, nanging tatu lawas ing atine kang ora bisa dibusek selawase urip. Nganti iki isih krasa nyinyeh, njarem, lan perih banget.

Sepisan nalika Kartono ngajak bali niyat ditepungake karo kulawargane. Kaping pindhone nalika Tanti ditampik Kartono wektu nempuhake wiji kang tuwuuh ing garbane. Lara banget salara-larane. Pandakwane Kartono yen wiji kang saiki dadi Ratri kuwi saka wong lanang liya. Dudu dwehe. Ukara kuwi saiki dumeling meneh ing kupinge.

Telung dina wingi Ratri ketamon Ayu karo pacangane, njaluk tulung supaya melu ngleremake perkaran. Apameneh yen dudu bab ngandhege mahasiswa kang kebablasen olehé sambung tresna. Iki padha bae Ratri nyonyok atine ibune. Yen ora merja kepengin sabelah marang padha-padha wanita, suthik bali menyang Karanggadhung. Aja nganti kepetuh meneh karo Kartono.

Ratri durung ngerti perkara iki. Dadi gojag-gajeg nerusake laku apa ora. Mula lajune mobil dadi sarwa salah. Antarane pikiran lan ati ora bisa gathuk. Bola-bali meh srempetan, nrabas marka dalam, lan sok kejeglong mudhun dalam aspalan. Ratri lan Ayu saben-saben jerat-jerit yen pinuju nemahi bebaya. Ratri njaluk leren dhisik ing pom bensin utawa warung. Yen prelu diganteni anggone nyeteri.

Mobil sida parkir ing warung 'Mbak Tin' kango ngedhem swasana. Sawise ati bisa adhem bisa diputusake arep nerusake laku apa bali bae. Perkarane Ayu kudu digenahake dhisik. Swasana ati kang lagi kemprungung iki malah-malah tuwuuh perakara anyar.

"Iki jan-jane kepriye?" takone Tanti marang Ayu. Sing ditakoni mung meneng. Embuh we-di utawa isin arep wangsan.

"Nggih wingi nika kula matur ta, Bu," saute Ratri.

"Sing daktakoni kuwi Ayu, apa kowe ngerti perkaran?" sengol atine Tanti rumangsa dililani anake wadon.

Ratri gedheg. Setengahe krasa kemajon anggone ngomong. Ibune bener, apa Ayu kuwi

bener-bener kacilakan olehe sesambungan karo Wawan. Wingi sesengguhan njaluk tulung dikancani nutuh tanggung jawabe Wawan. Gandheng padha-padha bocah enam, Ratri ora wani. Kari wadul marang ibune supaya ngrewangi.

Angel. Angel tenan. perkara iki mesthine dadi wadine bocah loro. Ditempuhake durung mesthi langsung bares. Yen ora, apa ora mung tiba laju laru. Tanti dhewe dheleg-dheleg kok rumangsa lagi diwiyak wadine.

Setengah jam bacute, mobil wis bisa ngambah latare Wawan. Omahe wong tuwane Wawan kang sedhela meneh dadi parane perkara. Mendah iba kaget kaya sinamber bledheg, jebul Wawan iku anake Kartono.

## Ora Bisa Milih

Cerkak: Eko Wahyudi Merapi



ILUSTRASI JOS

Cakra manggilingan, pandom wektu kaya diputer meneh bali ing perkara kawuri.

"Tanti, sengaja aku nyambat Ayu kanggo ngundang tekamu. Muga padha keslametan kabeh. Matur nuwun banget wis tekan omahku kene." Kartono nyalami Tanti karo ngajak lungguh ing ruwang tamu. Kabeh diprayogakake kanthi kepenak. Tanti kaya kebo dikelohi, oea bisa selak merger kepathet kahanan.

"Dadi ora bener yen Ayu kuwi wis ngandheg, senajan aku wis ngerti sesambungan karo anakkku lanang si Wawan. Aku wis golek sisik melik suwe ngenani kabarmu. Mula kanthi petung kang memet bisa dakgawe acara iki. Ayu pancer ayu tenan bisa nggeret atimu tekan kene meneh." Dawa Kartono njentrehake karepe.

Tanti dheleg-dheleg krasa dadi wong kalah.

Kalah kang kaping pindhone mungsu Kartono. Disabar-sabarake. Ambegane ditata sadurunge nyuwara. Salumrahe wong tambah umur, nalare kudu tambah mulur. Kurang becik yen dadi benthik. Anak-anake wis padha gedhe.

"Terus karepmu apa, meksa-meksaku kudu tekan kene?" Ora seru, nanging wiramané katon yen Tanti nesu. Sapa wonge ora nesu diapeka wong sing natoni atine. Gek ndadak nyambat bocah-bocah kang durung ngeriti perkarané. Ayu karo Ratri mung thinigak-thinguk. Kartono mesem merga wis ngeriti yen Tanti mengkone bakal nesu.

"Aku sing lutup, aku ora arep mbukak tatu lawas meneh. Aku ngerti larane atimu. Aku ngrasakake abote panandhangmu. Mula aku njaluk tekamu saprelu kepengin nebus dosaku. Aku njaluk pangapuramu."

"Yen njaluk kuwi salumrahe mara nggoleki, dudu meksa aku sing mrene. Bab kaluputanmu wis mangga. Ana rumangsamu ya sokur. Dene aku aweh pangapura lan ora iku dadi hakku. Aku wis kasil mendhem jero perkara kuwi. Ratri dhewe nganti titi wanci iki ora ngerti apa perkarané. Wis. Wis dakanggep ilang, aku dhewe sing ngrasakake. Wis, ayo saiki bali. Ratri, wis cukup rembugane."

Ratri bingung ora ngerti dhodhok selehe. Tangane Tanti disaut kenceng dening Kartono supaya ora sida bali. Perkarane durung rampung yen Tanti durung aweh wangsanlan kang cetha.

"Tanti, ora mung kuwi, kango nebus kaluputanku, aku njaluk eklate atimu gelem nampa pangapuraku lan djakuluk uga kowe gelem bali ing atiku."

"Tekan pirang perkara kandhamu kok saya nadra. Bebasan ngubak-ubak banyu kang wis bening. Aku karo Ratri wis urip ayem trem, kowe keladuk nembung njaluk bali. Apa ora salah krungku kupingku iki."

"Ora, ora salah. Aku karo sisihanku nyatane ora bisa suwe. Sisihanku kunduran nalika nglairake Wawan. Menawa pance merja dosaku. Coba wenehana panggonan meneh ing atimu."

"Cukup. Wis tekan semene bae. Wedang wis kebacut wutah saka gelase, ora bisa dibalekake. Aku ora bisa milih putusane. Andum slamet, becik urip dhewe-dhewe." Tangane Ratri sida disaut diajak bali. Kontak mobil di-pasrahake. Ratri bae sing nyetiri, mundhak ndrawasi kurang pengati-atine. □-d

## Gegeritan

### Roso Titi Sarkoro

#### GURIT KEMBANG SEMBOJA

kembang semboja nancep dhadha ngambang wangi nggrayang sukma kang sepa aku ora bisa suwala kapang nglengkara numpang mega

kembang semboja ngrenggani wengi ndudut esem rembulan ngobori ati sepi eman aku mung bisa nyawang ora kuwawa methik kadhangen mega angin ngrangin riye-riye mepes karep

kembang semboja minangka sumping talingan siring kiring pang garing pencokan kapang gemeter ngrangu kekejer rembulan aleweva sinawang

aku ndhadha wengku meh ndungkap raina wektu mbrabat keplayu ngiberi sepi arak-arakan mega nyempoyok rembulan bantala atiku tansaya remeng-remeng peteng ndhedhet wengi kukut kemleyang ilang

4 Februari 2024

#### TEGAL KURUSETRA

manjing kapiji nuhoni janji

nitis jemparing sinatri

mbrastha dur angkara cengkah

nggelar pabaratan jroning dhadh

ara-ara tegal kurusetra geter

horeg kagayat mbata rubuh sorak

gaok grombolan manuk gagak

ndhelak ngelak kebranta nggaglak

takon endi dununge kurusetra

apa yekti jagat pebaratan

aku nggagapi ati njejarig sepi

kesaring akeh cengkah lan dredah

pambisike angin mlengking dumeling

kurusetra gegambaran urip ing bebrayan

sapa bisa mepes krothaning branta ati

perang mecah dredah jroning dhiri pribadi

atiku arang kranjang kebak tatu

krungu